



Ruhuhumai 2022

Kirundi

## Arungika babiri babiri mu bisagara N'ibigwati vyose aho we nyene yagira aje! (Luka 10,1)

**Turi kumwe – Hobura iki?!**  
**Together – what could be better?!**

**Kontakt:**

Meinolf Wacker  
Kirchplatz 7  
59174 Kamen

Mobil.: +49-172-5638432  
Mail: meinolf.wacker@go4peace.eu  
Homepage: www.go4peace.eu

Bakunzi ba go4peace,

Yabwirizwa kugenda inzira yose n'amaguru. Ivyerekeye umuduga ico gihe haciye imyaka 2000, nta n'uwaveiyumvira. Uwo Yezu w'i Nazareti wumva, eka nta gihe kirekire yamaze kw'isi. Niho yiuyumvira ingene yoshobora gushikira abantu bari bamuraje ishinga. Kuri we birumvikana koi atashobora gushika mu mice yose. Niho rero yaza yatora iciyumiyo kirashe.

Uwo yari yaje kubera urukundo rw'Imana, yahavuye aba hose, aho abantu bakoranira bahujwe n'urwo rukundo nyene. Niho rero yahava yemerera abagenzi biwe ko igehe cose bazoba bakoranye kw'izina ryiwe, we ubwiwe ko ari rukundo, azoba ari hagati yabo ( Matayo 18,20). Hakenerwa n'ibiriburi abantu babiri, kugirango ukwo kuba hagati kwiwe gushoboke. Ivyo abigishwa biwe babiciye ikanda inyuma y'izuka rya Yezu. Aho rero ni naho baciye bategera igituma yahora abarungika babiri babiri mu bigwati vyinshi. N'aho ataboneka n'amaso y'umubiri, burya niho yaba ari vy'ukuri.

None woba ushaka nawe kugergeza ivyo bintu? Rondera umuntu umwe canke babiri bafise icipfuzo kimwe mu mutima wabo. Gerageza vy'uzkuri kubiyugururira uherezeko, uheze ubafashe ibintu vyoba bibabakiye muri iki gihe. Muze murahwana muyaga mudahemana. Aho rero Yezu azoba hagati yanyu abuhe umuco n'akanyamuneza ivyo murimwo bisaba. None hoba hari umuntu wagomwe woba wipfuza ko mwajana iyo nzira?

Umviriza ivyashikiye umusore yitwa Toma :,,Inyuma ya Noeli naragiye kuramutsa abagenzi, nshaka ko tumarana imisi. Twararonse umwanya ukwiye turi kumwe. Twarajanye gutemberana, turategurira hamwe umwaka wa go4peace, bugorovye tukicara hamwe imbere y'iziko. Umutima wanje wari wuzuye akanyamuneza. Narumva ko umutima uremuruswe kandi ko wuzuye amahoro. Aho nafata bus ngo ntahe iwacu muri république Tschèque, narategereye ko burya Yezu yari igehe cose hagati yacu. Niwe nashaka gukurikira. Niho nigira inama yo kubandanya kubaho gurtuo hamwe n' abagenzi banje. Niho rero duhamagarana turi kw'iterefone tukagendera – n'aho tuba turi kure – uyo Yezu hagati yacu. Kuva ico gihe, jewe iri jambo ryaranshitse nti: **Turi kumwe - Hobura iki?!** – **Together, what could be better?!**

für das go4peace-Team

Meinolf Wacker